

**DEPATMAN LAPOLIS DISTRI LEKÒL  
REJYON PALM BEACH Chèf  
Lapolis Sarah Mooney**

**BWOCHI SOU DWA VIKTIM**

**DWA OU KÒM YON VIKTIM OSWA TEMWEN:**

Nou reyalize anpil moun, lè yo se yon viktим oswa temwen yon krim, se premye eksperyans yo avèk sistèm jistis kriminèl ak jistis jivenil. Kòm yon viktим oswa temwen, ou genyen sèten dwa nan sistèm nan. Nou pibliye bwochi sa a pou ede w ak kesyon ou kapab genyen konsènan dwa sa yo. Pou plis enfòmasyon konsènan dwa sa yo, tanpri kontakte Biwo Pwokirè Eta a (SAO) ak/oswa ajans legal apwopriye k ap jere ka w la.

**NON OFISYE AK NIMEWO ID:** \_\_\_\_\_

**NIMEWO KA:** \_\_\_\_\_

**KIMOUN KI SE YON VIKTIM?**

"Yon viktим se yon moun ki sibi yon domaj oswa yo fè menas fizik, sikolojik, oswa finansye kòm rezilta yon krim oswa yon zak delenkan yo kòmande oswa yo eseye kòmande, oswa yo komèt yon zak delenkan kont li. **Mo viktим la enkli reprezantan legal viktим nan, paran oswa responsab yon minè, oswa pi pwòch paran viktим omisid la, eksepte si yo montre enterè endividé sa a t ap an konfli reyèl oswa potansyèl avèk enterè vikitim nan. Mo "viktим" nan pa enkli akize a.**" Atik I, Seksyon 16(b)(11), Konstitisyon Florid



**DEPATMAN LAPOLIS DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH  
(561) 434-8700**



Bwochi sa a bay yon apèsi jeneral pwoesis sistèm jistis kriminèl la ak dwa ou nan pwoesis sa a. Moun k ap ba ou bwochi sa a kapab jere yon pati pwoesis la sèlman. Dènye paj nan bwochi a bay enfòmasyon sou ajans pou kontakte ki kapab ede w.

## KÒM YON VIKTIM YON KRIM, KONSTITISYON FLORID GARANTI W DWA SA YO

*Atik I, Seksyon 16(b), Konstitisyon Florid*

- **Dwa pou** jwenn odyans legal epi pou yo trete w avèk jistis ak respè diyite ou.
- **Dwa pou** yo pa entimide w, arase epi fè w abi.
- **Dwa**, nan pwosesis jidisyè a, pou yo ba ou pwoteksyon rezonab kont akize a ak nenpòt moun k ap aji nan non akize a. Sepandan, li pa konsevwa pou l kreye yon relasyon espesyal ant viktим krim nan ak nenpòt ajans lapolis oswa biwo legal nan absans yon relasyon espesyal oswa devwa jan lwa Florid defini sa.
- **Dwa pou** yo konsidere sekirite w ak byennèt ou anmenmtan ak fanmi w lè y ap fikse kosyon, enkli pwograme kondisyon liberasyon avan pwosè ki ta kapab afekte sekirite ak byennèt pa w oswa fanmi ou.
- Dwa pou evite revelasyon enfòmasyon oswa dosye moun ta kapab itilize pou lokalize oswa arase oumenm oswa fanmi w, oswa ki ta kapab revele enfòmasyon konfidansyèl oswa privileje w.
- **Dwa pou** yo remèt ou pwopriyete w tousuit lè yo pa bezwen yo ankò kòm evidans nan ka a.
- **Dwa pou** repare nan yon tan nòmal, nan chak ka ak pou chak delenkan yo kondane, tout pèt ou te sibi, dirèkteman ak endirèkteman, akoz konduit kriminèl la.
- **Dwa pou** pwosedi yo pa sibi okenn reta ki pa rezonab, ak pou jwenn yon konklizyon final rapid ka a ak nenpòt pwosedи apre jijman. (nan ka kote sa awopriye, ministè piblik la kapab fè yon demand an bòn fwa pou jwenn yon pwosè rapid. Nan ka ki pa kapital, tout apèl nan nivo eta a ak pwosedи apre konviksyon dwe fini ant de (2) ak senk an pou ka kapital yo, amwenske tribal la antre yon òdonans avèk fè espesifik konsènan rezon ki fè tribal la pa t kapab fè sa, ak sikontans ki lakoz reta a.)
- **Dwa pou** yo enfòme w sou dwa konstitisyon an ba ou, ak pou yo fè w konnen ou kapab chèche konsèn yon avoka nan sa ki konsèn dwa ou.

## KÒM VIKTIM YON KRIM, OU GENYEN DWA KONSTITISYONÈL SA YO SI W MANDE YO

- Dwa pou jwenn yon avi rezonab, egzak, ak nan yon tan nòmal, epi pou prezan nan tout pwosedи piblik ki enplike konduit kriminèl, enkli, san sa pa limite ak, pwosè,

negosyasyon, jijman, oswa abitraj, menmsi ou pral yon temwen nan pwosedи a, depi pa genyen okenn règleman ki di lekontrè. (**Nan objektif sa a, konsidere bay ministè piblik la yon adrès, adrès kourye elektwonik, oswa yon nimewo telefòn kote yo kapab jwenn ou rapidman, epi mete enfòmasyon sa a ajou pandan ka w la an sispan.**) Yo ta dwe ba ou tou avi rezonab ak nan yon tan nòmal sou nenpòt liberasyon prizonye akize a oswa si delenkan an sove, ak nenpòt pwosedи kote yon dwa ou enplike ladan li.

- **Dwa pou** yo tande w nan nenpòt pwosedи piblik ki enplike pwosè oswa lòt revelasyon ki soti nan nenpòt fòm kontrent legal, pledwari, santans, abitraj, oswa pawòl, ak nenpòt pwosedи kote yon dwa w enplike.
- **Dwa pou** diskite avèk ministè piblik la sou nenpòt rezulta negosyasyon, patisipasyon nan pwogram divèsyon avan pwosè, liberasyon, restitisyon, santans, oswa nenpòt lòt desizyon nan ka a.
- **Dwa pou** bay endividé ki responsab pou mennen nenpòt envestigasyon avan santans oswa k ap konpile rapò envestigasyon an enfòmasyon konsènan enpak konduit akize a genyen sou ou ak fanmi w, epi pou yo konsidere enfòmasyon sa a nan nenpòt rekòmandasyon jijman y ap soumèt bay tribal la.
- **Dwa pou** resevwa yon kopi nenpòt rapò avan santans, ak nenpòt lòt rapò oswa dosye ki genyen rapò avèk egzèsis dwa yon viktим, eksepte pou pati sa yo ki konfidansyèl oswa lalwa egzante.
- **Dwa pou** yo enfòme w sou konviksyon, santans, abitraj, lokal ak tan prizon, oswa lòt dispozisyon yo pran kont delenkan yo kondane a, nenpòt dat y ap libere delenkan an, ak liberasyon oswa si delenkan an chape soti nan prizon.
- **Dwa pou** yo enfòme w sou tout pwosesis ak pwosedи apre jijman , pou patisipe nan pwosesis ak pwosedи sa yo, pou yo ba ou enfòmasyon sou otorite liberasyon pou yo konsidere avan yo pran okenn desizyon pou libere akize a, epi pou yo fè w konnen tout desizyon yo pran konsènan liberasyon akize a. Otorite ki pran desizyon liberasyon sou pawòl oswa antisipe dwe akòde nenpòt moun ki te sibi domaj nanmen akize a, dwa pou yo tande l.
- **Dwa pou** yo enfòme w sou pwosedи padon ak efase kondanasyon, pou bay gouvènè a, tribal la, nenpòt komite padon ak lòt otorite nan pwosedи a enfòmasyon, epi pou yo konsidere enfòmasyon sa a avan yo pran yon desizyon pou yo padone oswa efase kondanasyon an; epitou pou yo enfòme w alavans sou yon desizyon konsa konsènan liberasyon akize a.

## YO KAPAB APLIKE TOUT LWA KONSTITISYON AN AKÒDE

*Atik I, Seksyon 16(c), Konstitisyon Florid*

Viktim nan, avoka ki nonmen pou viktim nan, yon reprezantan legal viktim nan. oswa biwo pwokirè a sou demann viktim nan, kapab afime epi chèche aplikasyon dwa sa yo ak nenpòt lòt dwa viktim nan genyen dapre lalwa nan nenpòt pwersè oswa apèl devan tribunal, oswa devan nenpòt otorite ki genyen jiridiksyon nan ka a, anfèt. Tribunal la oswa nenpòt lòt otorite ki genyen jiridiksyon dwe aji rapidman sou demand sa a, ofri yon dedomajman lalwa egzije pou vyolasyon nenpòt dwa. Dosye a dwe eksprime klèman rezon pou nenpòt desizyon konsènan dispozisyon dwa w.

## PWOSESIS JISTIS KRIMINÈL POU GRANMOUN

Etap nan sistèm jistis kriminèl la se sa yo:

### PRETRIAL (AVAN PWOSÈ)

Apre yon krim fin komèt:

- Yon ajan lapolis kapab arete yon akize.
- Yon tribal kapab emèt yon manda arrestasyon.
- Yon Biwo Pwokirè Eta a kapab mande enfòmasyon; oswa
- Yon gran jiri kapab rekòmande enkilpasyon nan retounen yon Akizasyon oswa yon Prezantasyon fòmèl enfòmasyon bay tribunal.

**FIRST APPEARANCE - PREMYE KONPARISYON (Apre Arrestasyon an)** Si akize a pa kapab peye kosyon nan lè ki suiv arrestasyon an oswa yo te arete li sou baz yon ofans ki pa aksepte kosyon, oswa li te komèt yon krim ki mande yon premye konparisyon, tribunal la ap fè yon odyans "first appearance". Jij la ap deside si wi ou non yo kapab lage akize a, epi si se ka a, ki kondisyon ki nesesè pou pwoteje w oumenm ak temwen yo ak piblik la.

**INTAKE – (AKSEPTASYON KA A)** Si yo jwenn koz pwobab, Biwo Pwokirè Eta a kapab chwazi pou fè akizasyon epi egzije konparisyon sisplè a devan tribunal. Yo kapab mande pou w rankontre avèk Biwo Pwokirè Eta a.

Lapolis, ministè piblik oswa nenpòt lòt ofisyèl gouvènman pa kapab mande oswa egzije yon viktim atak seksyèl pou l soumèt li ak yon egzamen polygrafik.

**FILING OF FORMAL CHARGES - DEPO AKIZASYON FÒMÈL**-Biwo Pwokirè Eta a kapab fè depo akizasyon fòmèl apre li fin revize rapò arrestasyon lapolis la, epi nan 21 jou nan sèten sikorans. Biwo Pwokirè Eta a genyen diskresyon pou li deside wi ou non l ap pèsékit yon moun pou yon krim. Biwo Pwokirè Eta a dwe enfòme tout viktim sou desizyon li.

**AKIZASYON (ARRAIGNMENT)** - Yo akize delenkan an fòmèlman epi l ap plede koupab ou non koupab, oswa li p ap plede. Biwo Pwokirè Eta a fè w konnen w dat akizasyon an. Ou gen dwa pou preznan akizasyon an. Nan kèk ka, p ap genyen yon odyans fòmèl akizasyon nan tribal.

**ODYANS SOU LIBÈTE PWOVIZWA (FIKSE KOSYON) (RELEASE HEARING (SETTING BOND))**- Si delenkan an pa t kapab vèse yon kosyon nan moman yo arete l la, oswa si yo pa t fikse montan kosyon an, delenkan genyen dwa pou l jwenn yon odyans sou kosyon. Biwo Pwokirè Eta a pral fè w konnen orè odyans lan epi ou pral genyen opòtinite pou pale sou liberasyon delenkan an ak kondisyon yo oswa mande Pwokirè Eta a fè konnen volonte ou.

**KONFERANS AVAN PWOSÈ (PRE-TRIAL CONFERENCE)** - Gendwa genyen anpil konferans avan Pwosè (enkli konferans sou kondisyon ka a) ki pèmèt tribal la garanti ka a ap pwogrese yon fason regilye. Oumenm, kòm yon viktim, ou pral resevwa avi sou dat odyans yo. Ou pa oblige asiste odyans sa yo, amwenske yo voye manda ba ou, men ou gen dwa preznan epi yon avoka viktim oswa avoka w kapab akonpaye w oswa asiste nan pwozedi yo nan non w, si ou vle.

### SOUМИSYON PYÈS AKONVIKSYON (PREPARASYON PWOSÈ (DISCOVERY) (PREPARATION FOR TRIAL) -

**Manda konparisyon (Subpoenas.)** Ou kapab resevwa yon manda konparisyon pou pwozè, yon depozisyon ak/oswa lòt odyans. Yon manda konparisyon mande pou yon moun prezante nan lè ak dat yo espesifye.

**Depozisyon.** Avoka akize a kapab voye yon manda konparisyon ba ou pou prezante pou yon depozisyon. Ou gendwa mande gouvènman an oswa yon sektè non-pwofit yon avoka viktim pou ale nan depozisyon an avèk ou. Ou gendwa, kòm yon viktim ki pa nan prizon, pou yo pa oblige w ale nan depozisyon pyès akonviksyon nan okenn mezon koreksyonèl.

**NEGOSYASYON (PLEA NEGOTIATIONS)** - Anpil ka rezoud nan negosyasyon kote akize a plede koupab oswa p ap plede, san yon pwozè. Biwo Pwokirè Eta a dwe konsilte viktim nan avan li finalize antant avèk akize a.

**PROGRAM ENTÈVANSYON AVAN PWOSÈ/PWOGRAM DIVÈSYON (PRE-TRIAL INTERVENTION/DIVERSION)** - Suivan diskresyon yo ak règleman biwo a, Biwo Pwokirè Eta a kapab dakò pou l itilize pwogram entèvansyon avan pwozè ak pwogram divèsyon.

**Pwogram Entèvansyon avan Pwosè.** Akize ki genyen pa plis pase yon deli non vyolan, yo te akize pou nenpòt deli oswa krim twazyèm degré elijib pou li ale nan pwogram entèvansyon avan pwozè, si administratè pwogram nan otorize l epi avèk konsantman viktim nan, Pwokirè Eta a, ak jij la. Reyisit nan pwogram ap genyen pou rezulta anilasyon akizasyon yo.

**Pwogram Divèsyon.** Divèsyon sanble ak pwobasyon (libète siveye) kote akize a aksepte responsabilite pou krim nan epi yo lage I anba sipèvizon pou sis mwa rive 1 an. Pandan pwogram nan, biwo pwobasyon an ap sipèvize akize a. Ou gendwa bay Pwokirè Eta a opinyon w sou patisipasyon akize a nan pwogram divèsyon avan pwochè a.

## PWOSÈ

Jeneralman, pwokirè a prezante prèv bay swa jij la swa jiri a konsènan ka a. Yo kapab jwenn akize a koupab oswa non koupab. Pwosesis la fini si yo jwenn akize a pa koupab. Yo kapab rele ou, kòm viktим, pou vin temwaye.

Biwo Pwokirè Eta a pral ede w pandan pwosesis sa a. Yo pa kapab ekskli ou nan okenn odyans, pwochè oswa pwosedi ki genyen rapò avèk deli a. Dwa ou ki genyen rapò ak etap pwochè a liste nan bwochi sa a.

## PWONONSE SANTANS

**ENVESTIGASYON AVAN SANTANS (PRESENTENCE INVESTIGATION) (PSI)** - Ou gendwa bay enfòmasyon konsènan enpak konduit akize a genyen sou ou ak fanmi w bay endividé ki responsab pou mennen ak/oswa konpile envestigasyon avan santans la. Ou gendwa pou revize pati ki pa konfidansyèl nan envestigasyon pre-santans la avan odyans pou pran santans la.

**ODYANS SANTANS (SENTENCING HEARING) -** Si yo jwenn akize a koupab, jij la ap revize direktyiv pou santans, akò ki soti nan negosyasyon, ak lòt faktè epi detèmine ki tip santans akize a ta dwe resevwa. Ou gendwa bay yon deklarasyon oral ak/oswa alekri sou enpak ou sibi kòm viktим (VIS) bay Biwo Pwokirè Eta a nenpòt lè avan tribal la enpoze santans la.

**REMAK:** Si viktим nan ak akize a ale nan menm lekòl, paran viktим nan gen dwa pou ale nan odyans santans la oswa kote y ap voye akize a epi mande pou yo egzije akize a ale nan yon lòt lekòl. (sec. 960.001(1)(s), Florida Statutes)

## PWOSESIS JISTIS JIVENIL

**ADMISYON** - Pwosesis pou detèmine kibò yo pral plase yon timoun ki poko genyen 18 an jiskaske ka a rezoud. Genyen twa fòm kondisyon detansyon: lakay, non sekirize oswa sekirize.

**PWOGRAM DIVÈSYON** – Sa se yon altènativ pou pwochè kote yo plase jèn jan/jèn fi a nan yon pwogram ki base nan kominate- tankou yon arbitrasyon jivenil, pwogram sèvis altènativ jivenil (JASP), oswa yon plan tretman (*Walker plan*). Si yon jèn jan/jèn fi konplete pwogram divèsyon an ak siksè, alò, an jeneral yo anile akizasyon yo.

**AKIZASYON FÒMÈL** - Lè Pwokirè Eta a ap soumèt yon petisyon nan tribal. Yo kapab soumèt akizasyon an swa nan yon tribal pou minè oswa yon tribal pou adilt, tou depann krim nan ak laj akize a.

**AKIZASYON (ARRAIGNMENT)** - Yo akize delenkan an fòmèlman epi I ap deklare I koupab ou non koupab, oswa li p ap plede.

**ODYANS DEVAN JIJ** - Pwochè yon jivenil, ki fèt devan yon jij. Jij la ap deside si wi ou non jivenil la komèt zak yo akize I la (yo).

**ODYANS SOU DISPOZISYON (SANTANS) Y AP BAY** - Lè yo jwenn yon jivenil te komèt yon zak delenkan, tribal la pral fè yon odyans dispozisyonèl pou detèmine ki sanksyon pou yo enpoze jivenil la. Sanksyon yo kapab ale depi sanksyon ki base nan kominate a tankou libète siveye ak sèvis kominotè, rivejis nan anprizònman.

**JIVENIL YO JIJE KÒM ADILT** - Yo kapab jije Jivenil ki komèt krim ki grav, kòm adilt. Yo kapab bay Jivenil y ap jije kòm adilt yo sanksyon adilt oswa jivenil.

*Sa a se pa yon apèsi jeneral konplè sistèm jistis kriminèl men li la kòm yon apèsi sou kijan pwosesis la fonksyone. Chak tribal ak ka genyen eleman inik pa yo. ou kapab kontakte Pwokirè Eta oswa ajans lapolis ou pou plis enfòmasyon konsènan etap nan pwosesis jistis kriminèl ak jistis jivenil.*

## DWA ADISYONÈL VIKTIM GENYEN DAPRE LWA FLORID

- Nan kèk ka, oumenm (oswa fanmi lè viktим nan mouri) kapab elijib pou kompansasyon finansye nanmen Eta Florid. Enfòmasyon konsènan elijiblité disponib nan Biwo Pwokirè Eta a, Biwo Kowòdinasyon Temwen lokal (kote sa disponib), ajans lapolis oswa nan Biwo Konpansasyon pou Krim, Biwo Pwokirè Jeneral - 1-800-226-6667, sit entènèt: [www.myfloridalegal.com/pages.nsf](http://www.myfloridalegal.com/pages.nsf). Dwa pou resevwa enfòmasyon sou sèvis entèvansyon pou kriz ak sèvis kominotè lokal ki disponib, enkli konsèy, abri, èd legal, oswa lòt kalite èd, tou depann sikontans patikilye yo. Yo bay nimewo telefòn sèvis sa yo alafen bwochi sa a. (sec. 960.001(1)(a1), Florida Statutes)
- Dwa pou resevwa enfòmasyon konsènan etap pwosesis jistis kriminèl oswa jistis jivenil ak fason ou kapab jwenn enfòmasyon sa yo. (sec. 960.001(1)(a4), Florida Statutes)
- yon viktим ki nan prizon gen dwa pou yo enfòme I epi soumèt deklarasyon alekri pandan nenpòt etap pwosedi kriminèl ak jivenil yo. (sec. 960.001(1)(a6), Florida Statutes)

- Dwa pou resevwa enfòmasyon sou etap ki disponib pou lapolis ak Biwo Pwokirè Eta a pou pwoteje w kont entimidasyon ak/oswa arasman. Se yon krim twazyèm degre pou volontèman itilize entimidasyon oswa fòs fizik; trete yon lòt moun oswa eseye fè sa; angaje nan move konduit kont yon lòt moun; oswa ofri lajan oswa lòt avantaj bay yon lòt moun. Si y ap menase w oswa entimide w, tanpri kontakte ajans kote ou rete a, Depatman Lapolis Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la oswa nenpòt ajan lapolis. (*sec. 960.001(1)(c), Florida Statutes*)
- Dwa pou viktим vyolans domestik pou yo enfòme I sou pwogram sou konfidansyalite adrès biwo Pwokirè Jeneral la sipèvize. Ou kapab kontakte Biwo Pwokirè Jeneral la nan 1-800-226-6667. Biwo Pwokirè Eta a kapab tou ede w ak fòmalite sa yo si sa nesesè. (*sec. 960.001(1)(c), Florida Statutes*)
- Dwa tout viktим, oswa temwen, yo te pwograme pou ale nan yon pwosedi jistis kriminèl oswa jivenil, pou ajan oswa moun k ap fè orè a avize yo pi bonè posib sou konparisyon li pou nenpòt chanjman nan orè a ki pral afekte konparisyon viktим oswa temwen an. (*sec. 960.001(1)(d), Florida Statutes*)
- Dwa pou resevwa avi alavans sou pwosedi jidisyè ak sa ki vin apre pwosedi jidisyè nan sa ki konsène ka a, enkli tout pwosedi oswa odyans ki genyen rapò avèk:

Arestasyon akize a.

Liberasyon akize a ann atandan pwosedi jidisyè, ak nenpòt modifikasyon nan kondisyon liberasyon pou enkli liberasyon sou kontwòl kominote oswa liberasyon pou travay.

Pwosedi nan yon pwosè oswa petisyon pou delenkans akize a, enkli soumisyon dosye akizasyon an; Akizasyon an; depo dosye akizasyon an; odyans pwosè oswa odyans sou santans, santans oswa odyans sou dispozisyon; revizyon apèl; modifikasyon santans; atak kolateral yon jijman; ak lè yon tèm anprizònman, detansyon, oswa yo enpoze yon anprizònman enveloplè, liberasyon delenkan an oswa akize jivenil la pou evite anprizònman sa a; detansyon oswa anprizònman pou ekspirasyon santans oswa pawòl ak nenpòt reyinyon y ap fè pou considere liberasyon sa a. (*sec. 960.001(1)(e), Florida Statutes*)

- Anplis pwovizyon seksyon 921.143 Lwa Florid, dwa viktим nan pou yon krim ki enplike blesi fizik oswa twoma emosyonèl, oswa nan yon ka kote viktим nan se yon minè oswa nan yon ka ki enplike yon omisid, responsab la oswa fanmi viktим nan ta dwe konsilte Pwokirè Eta a pou l'jwenn opinyon viktим nan oswa fanmi sou dispozisyon nenpòt ka kriminèl oswa jivenil yo prezante sou krim sa a, enkli opinyon yo sou:

liberasyon akize a ann atandan pwosedi jidisyè.  
Negosyasyon.

Patisipasyon nan pwogram divèsyon avan pwosè.  
Pran santans kont akize a.

- Dwa pou mande Pwokirè Eta a oswa ajans lapolis pou ede w eksplike patwon w ak kreditè yo ou kapab fè fas al plis traka nan pran jou konje nan travay pou ede lapolis epi ou kapab vin genyen pwoblèm finansye grav akoz krim nan oswa nan kolabore avèk otorite yo. (*sec. 960.001(1)(i), Florida Statutes*)
- Ajans lapolis ak Pwokirè Eta a dwe enfòme w sou dwa ou genyen pou mande epi resevwa restitisyon epi dwa pou fòse yon akize nan ka li pa peye. Pwokirè Eta a dwe chèche èd ou nan dokimantasyon pèt ou sibi nan bi pou mande epi resevwa restitisyon. Si yon lòd restitisyon vin konvèti I nan yon obligasyon sivil oswa jijman sivil kont akize a, Grefye trininal la dwe rann enfòmasyon sekretè eta, tribunal la oswa Ba Avoka Florid bay, disponib nan biwo yo sou aplikasyon privilèj sivil oswa jijman. Pwokirè Eta a dwe enfòme w sou si yo te bay lòd restitisyon an ak kilè (*sec. 960.001(1)(j), Florida Statutes*)
- Dwa pou resevwa konsiderasyon rezonab ak èd anplwaye Biwo Avoka Eta a, Biwo Cherif. oswa Depatman Lapolis. Lè yo mande sa, yo pral ede w lokalize transpò ak paking ki aksesib epi yo dwe separate zòn atant avan pwosè yo lè lokal sa yo disponib. Lè ou mande sa, ou dwe resevwa èd nan eseye lokalize tradiktè lè sa fezab. (*sec. 960.001(1)(in), Florida Statutes*)
- Dwa viktим agresyon seksyèl pou yo jwenn sal tribunal la evakye, ak sèten eksepsyon pandan temwayaj li, san yo pa gade laj oswa kapasite mantal viktим nan, (*sec. 960.001(1)(q), Florida Statutes*)
- Dwa pou mande, nan sèten sikontans, pou yo egzije pou akize a ale nan yon lòt lekòl ki pa lekòl kote viktим nan oswa frè/sè li ale. Si viktим yon krim yon jivenil komèt se yon minè, viktим nan oswa nenpòt frè/sè viktим ale oswa elijib pou ale nan menm lekòl avèk akize a, Depatman Jistis Jivenil oswa Depatman Koreksyonèl dwe fè paran oswa responsab viktим nan konnen dwa li pou l ale nan odyans santans oswa dispozisyon akize a epi mande pou akize ale nan yon lòt lekòl. (*sec. 960.001(1)(s), Florida Statutes*)
- Dwa viktим nan ki pa nan prizon pou l pa oblige ale nan depozisyon pyès akonviksyon nan okenn mezon koreksyonèl. (*sec. 960.001(6), Florida Statutes*)
- Obligasyon legal viktим nan, paran/responsab yon viktим ki minè, oswa pi pwòch paran yon viktим omisid, pou yo pa revele okenn enfòmasyon yo jwenn dapre Chapit 960 Lwa Florid, konsènan nenpòt ka y ap tandem nan yon tribunal jivenil, bay yon pati ekstèn, eksepte si sa rezonableman nesesè nan rechèch reparasyon legal. (*sec. 960.001(8), Florida Statutes*)
- Dwa pou konnen nan sèten ka ak nan premye opòtinite posib, si moun yo akize a nan yon krim te teste pozitif pou epatit ak enfeksyon viris sida (HIV). Nan ka sa yo, sou

demann viktim nan oswa responsab legal viktim nan, oswa paran oswa responsab legal viktim nan, si viktim nan se yon minè, tribunal la dwe bay lòd pou moun sa a fè tès epatit ak HIV nan 48 èdtan apre yo fin depoze pyès akizasyon an oswa 48 èdtan apati dat demand la. (sec. 960.003, Florida Statutes)

- Dwa yon viktim agresyon seksyèl pou l mande prezans yon avoka pandan egzamen medikal legal la. Yo dwe otorize yon avoka yon sant kriz vyòl ki sètifye pou l prezan nan nenpòt egzamen medikal legal. (sec. 960.001(1)(u, Florida Statutes)
- Si yo te dyagnostike yon viktim genyen otis, limenm oswa paran oswa responsab li genyen dwa pou mande pou yon ofisyè sekirite piblik fè yon efò sensè pou fè sèten yon pwofesyonèl nan domèn nan, tankou yon konseye sante mantal, yon enstriktè edikasyon espesyal oswa yon travayè sosyal klinik prezan nan tout entèvyou endividia. Tout depans ki genyen rapò avèk prezans pwofesyonèl la nan entèvyou yo se responsabilite viktim, paran oswa responsab ki mande l la; sepandan, akize a dwe ranbouse viktim nan pou tout depans prezans pwofesyonèl la nan entèvyou yo, anplis restitisyon ak pèn lalwa prevwa. (sec. 960.0439, Florida Statutes)

#### NIMEWO REKÒMANDASYON

**Rejis Abi**  
**(Granmoun ak Timoun)**  
**(800) 962-2873**

**Konpansasyon pou Krim**  
**(Pwokirè Jeneral)**  
**(800) 226-6667**  
[www.myfloridalegal.com/pages.nsf](http://www.myfloridalegal.com/pages.nsf).

**Sèvis Referans Bawo Avoka Florid**  
**(800) 342-8060**

**"VINE"**  
**(877) 846-3435**  
[www.vinelink.com](http://www.vinelink.com)

VINE bay kondisyon responsabilite legal ak enfòmasyon sou ka kriminèl.  
Enskripsyon obligatwa pou sèvis sa a.

**Pwokirè Eta a**  
**Telefòn SA:**  
**(561) 355-7100**

**DEPATMAN LAPOLIS DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH**  
**# Telefòn:**  
**(561) 434-8700**